# आकाशवाणी, गोरखपुर

**<u>दिनांक–04 नवम्बर 2025</u>** **<u>भोजपुरी समाचार</u>**

निर्वाचन आयोग क बिसेस गहन पुनरीक्षण–एसआईआर अभियान क दुसरका फेरा आजु से सुरू हो गइल बा। प्रदेस क एक लाख बासठ हजार चारि सौ छियासी बूथन पर ई अभियान चलि रहल हौ। येह बेरि के अभियान में उत्तर प्रदेस के सथहीं नौ राज्य आ तीनि गो केन्द्रसासित प्रदेस सामिल हवे। एगो रिपोर्ट–

***यह एसआईआर का दूसरा चरण है। इससे पहले बिहार में इसे लागू किया गया था। आज से शुरू हुआ एसआईआर का गणना चरण 4 दिसंबर तक चलेगा। प्रारूप मतदाता सूची 9 दिसंबर को जारी होगी। इसके बाद 7 फरवरी, 2026 को अंतिम प्रकाशन होगा। निर्वाचन आयोग के अनुसार, एसआईआर का उद्देश्य यह सुनिश्चित करना है कि अवैध प्रवासियों सहित अपात्र नामों को हटाते समय कोई भी पात्र नागरिक सूची से न छूट जाए। इस प्रक्रिया में मतदाताओं के जन्म स्थान की जांच करना शामिल है। अधिकारियों का कहना है कि इससे अपात्र नागरिकों विशेष रूप से बांग्लादेश और म्यांमा के अवैध प्रवासियों की पहचान करने में मदद मिलेगी। समाचार कक्ष से निखिल कुमार।***

**********

प्रदेस सरकार नॉन–हाईब्रिड धान के कुटाई में एक फीसदी रिकवरी छूट दिहले क फैसिला कइले हौ। मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ एगो सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि येह छूट क भरपाई प्रदेस सरकार अपने बजट से करी। श्री योगी ओम्मेद जतवलें कि येह फैसिला से करीब पनरह लाख अन्नदाता किसानन आ दुइ हजार से बेसी राइस मिलिन के सोझै फायदा मिली। सथहीं प्रदेस भर में दुइ लाख रोजिगारो पैदा होई।

एहसे पहिले वित्त मंत्री सुरेश खन्ना लोकभवन में पत्रकार लोगिन से बतियावत कहलें कि बजारि सुल्क पर तीनि फीसदी क छूट पहिलहीं से दीहल जात रहे। अब मोटहन धानो पर एक फीसदी क अतिरिक्त छूट दिहले क फैसिला कइल गइल बा।

**********

बनारस में देव दिवाली पर बिहने भव्य दीपोत्सव क आयोजन होई। एहमें हिस्सा लेवे बदे देस–बिदेस से लाखन सरधालु आ पर्यटक ओइजा पहुंचि रहल हवें। एगो रिपोर्ट–

***विश्वप्रसिद्ध देव दीपावली पर इस बार काशी में फिर से दिव्यता, भव्यता और आधुनिकता का अद्भुत उदाहरण दिखाई देगा। घाटों पर लाखों दीपों की रोशनी, लेजर शो और कोरियोग्राफ ग्रीन क्रैकर्स शो पर्यटकों और श्रद्धालुओं को मुग्ध करेंगे। शिव भजनों की धुन पर करीब 10 मिनट तक चलने वाला ग्रीन एरियान फायर क्रैकर शो रात 8 बजे शुरू होगा। हर–हर शंभू, शिव तांडव और हे शिवा जैसे भजनों की ताल पर डमरूओं की थाप और सतरंगी रोशनी के संगम से घाटों का वातावरण भक्तिमय हो उठेगा। करीब एक हजार फीट लंबी रेत के स्ट्रेच पर हीनी वाली आतिशबाजी के पटाखे 200 मीटर ऊंचाई तक रोशनी बिखेरेंगे। आकाशवाणी समाचार के लिए वाराणसी से मनीष सिंह।***

प्रदेस क स्टांप अउर न्यायालय पंजीयन शुल्क राज्य मंत्री रविन्द्र जायसवाल आजु बनारस में सीनियर अधिकारियन के साथे बइठकी कइ के देव दिवाली के तइयारियन क समीक्षा कइलें।

**********

नरेन्द्र मोदी सरकार की ओरि से बाइस सितम्बर के सुरू कइल गइल जीएसटी बचत उत्सव में लागू कइल गइल संसोधित दरन से देस भर में लोगिन के कई क्षेत्र में फायदा मिलि रहल बा। एगो रिपोर्ट–

***नया जीएसटी सुधारन में स्वास्थ्य सेवा क्षेत्र में टेक्स में बड़हन कटउती भइल हौ। सरकार जरूरी दवाई पर जीएसटी के बारह फीसदी से घटा के पांच फीसदी कइ दीहल बा। एकरे सथहीं तैंतीस गो जीवन रक्षक दवाइयो के पुरहर तरह से कर मुक्त कइ दीहल गइल बा, जेहसे पुरान आ गम्भीर बेमारियन क इलाज अब पहिले से ढेरे किफायदती आ सस्ता हो गइल बा। चिकित्सा उपकरण जइसे–गोज, पट्टियां, डॉयग्नोस्टिक किट आ थर्मोमीटर पर अब बारह फीसदी के जगहि पांच फीसदी जीएसटी लगि रहल हौ। कर में येह कटउती से जांच आ उपचार सेवा के लागति में कमी आइल बा। एकरे अलावा स्वास्थ्य अउर जीवन बीमा प्रीमियमो के कर मुक्त कइ दीहल गइल बा, जेह पर पहिले अठारह फीसदी टेक्स लागत रहे। जीएसटी में येह कमी से स्वास्थ्य बीमा के अपनवले में लोगिन के बढ़ावा मिलल हौ आ मध्यम वर्ग के परिवारन क इलाज के खरचो में कमी आइल बा। आकाशवाणी दिल्ली से सौम्या शरण आ आदर्श के रिपोर्ट के साथे समाचार कक्ष से प्रेम चन्द्र गुप्ता।***

**********

गोरखपुर मंडल क टीमि राज्य स्तरीय समन्वय सीनियर महिला हैंडबॉल प्रतियोगिता जीति लिहले बा। लखनऊ क केडी सिंह बाबू स्टेडियम में भइल फाइनल मोकाबिला में गोरखपुर मण्डल, अजोध्या मण्डल के अट्ठाइस–सतरह के अंतर से हरा दिहलसि।

**********

प्रदेस के पीलीभीत के सथहीं कुछु अउरियो जिलन में ठंडी क असर बढ़े लागल बा। मौसम विभाग अगिला चउबीस घंटा के बाद न्यूनतम तापमान में तीनि से चारि डिगिरी सेल्सियस गिरावट क सम्भावना जतवले हौ। दुइ से तीनि दिन के बाद अधिकतम तापमानों के दुइ डिगिरी सेल्सियस गिरले क पूर्वानुमान बा। एहसे प्रदेस के अलगि–अलगि हिस्सन में ठंडी अउरियो बढ़ले क सम्भावना हौ।

**********